

## Videyo Pwen Diskisyon ke Direktè Lekòl Mwayen PRM la Itilize pou Akeyi Vizitè

Sali! Non mwen se Dr. Kinsley, direktè Lekòl Mwayen Pine Ridge la, e mwen kontan anpil pou mwen kapab pataje mesaj sa a avèk ou an liy.

Malgre nou pa kapab reyini an pèsòn aktyèlman, nou kontan anpil pou nou reyini e salye elèv klas 6èm ane nou yo ki ap monte pou sezon otòn nan. Lekòl Mwayen Pine Ridge la se yon bon kalite lekòl mwayen eksepsyonèl; li genyen anpil opòtinite pou elèv aprann e avanse. Nou menm se Panthers e nou ofri yon gwo gam òf sou kou akademik ak elektif.

Eske ou te konnen Pine Ridge se sèl lekòl nan Collier County ki genyen yon bank ke elèv yo dirije nan lekòl la kote ou kapab fè depo nan pwòp kont depay ou? Nou ofri anpil konpetisyon espòtif ansanm avèk konpetisyon akademik ke ou kapab patisipe san ou pa bezwen peye.

Kòm ou kapab wè, genyen anpil pou aprann epi gen anpil eksperyans pou w fè nan Lekòl Mwayen Pine Ridge la. Nou okipe nan fè preparasyon pou lòt ane e nou vle pataje kèk enfòmasyon adisyonèl avèk ou.

Anplis videyo a, ou pral resewa yon mesaj nan PowerPoint ki pral ofri enfòmasyon adisyonèl sou kisa pou espere nan lekòl mwayen.

Ou pral resewa tou enfòmasyon sou pwosesis pou seleksyon kou ke nou pral ansenye pandan de twa semenn pwochèn yo.

Kòm toujou, nou pral rann tèt nou disponib nan telefòn epi/oswa sou adrès elektwonik pou reponn kesyon ou. Mete ou alèz pou kontakte Konseye klas 6èm Ane nou an, Madam Gentile oswa mwen menm nan 239-377-5004. Ou kapab ale nan adrès elektwonik nou an tou sou sit entènèt lekòl la.

Nou pral kontinye rete an kontak avèk ou si genyen enfòmasyon e chanjman e nou pa kapab tann pou rankontre ou nan mwa out!